

**(Lyen Lakay) Inite 4: Monn Koulè Yo: Semèn 4**

Chè Fanmi: Nan inite sa a pitit ou pral aprann sou koulè. Eseye omwen twa nan aktivite amizan sa yo, oswa fè tout! Sa ki pi enpòtan an se jwi tan an avèk pitit ou pandan n ap aprann konnen ki sa k ap fèt nan sal klas la. Tanpri, kolorye kare aktivite sila yo nou chwazi yo epi remèt fòm sa a bay lekòl la lendi pwochen.

AMIZE N!

Non timoun nan: _____

<p style="text-align: center;"><u>Langaj</u></p> <p>Menm e Diferan: Kolekte plizyè kalite objè tankou kiyè, fouchèt, ti asyèt, kèk tas gwosè diferan, boutèy plastik, ak chodyè. Gade de (2) objè alafwa epi pale avèk pitit ou an sou ki sa li remake ki menm e diferan ant yo menm.</p> <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Ki sa ki menm nan ak ki sa ki diferan ant de objè sa yo? ● Ki fòm yo genyen? ● Ki koulè yo? ● Avèk ki sa yo fèt? <p>Pami Mo Nou Kapab Itilize Pandan Konvèsasyon Nou an Se: <i>menm, diferan, similè, parèy, konpare, kontras, triye</i></p>	<p style="text-align: center;"><u>Alfabetizasyon</u></p> <p>Resite Ansanm: Sa a se yon powèm pitit ou an dwe abitye avè l.</p> <p style="text-align: center;">Three Little Monkeys</p> <p>Three little monkeys swinging in a tree. Along comes a crocodile as quiet as can be. The first monkey says, "You can't catch me!" SNAP!</p> <p>Two little monkeys swinging in a tree. Along comes a crocodile as quiet as can be. The second monkey says, "You can't catch me!" SNAP!</p> <p>One little monkey swinging in a tree. Along comes a crocodile as quiet as can be. The third monkey says, "You can't catch me!" SNAP! "Missed me!" -Anonymous</p>	
<p style="text-align: center;"><u>Matematik</u></p> <p>Konte selon motif: Pratike konte motif avèk pitit ou an pandan n ap chanje ant silans ak pale awotvwa pandanke n ap konte ansanm. Pa egzanp, "1-2-3" (awotvwa) "4-5-6" (an silans) "7-8-9" (awotvwa) "10-11-12" (an silans) et setera.</p> <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Ki sa w remake konsènan motif sa a? ● Ki sa ki yon lòt motif nou kappa eseye? 	<p style="text-align: center;"><u>Pale epi Li Ansanm</u> (20 minit)</p> <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Ki pati w pi renmen nan istwa a? ● Ki premye bagay ki pase nan istwa a? ● Ki sa w panse ki ka rive aprè? 	<p style="text-align: center;"><u>Gwo Mouvman ak Misk Ou Yo</u></p> <p>Ponpe Limyè Vèt/Limyè Wouj: Nou kapab jwe jwèt sa a anndan oswa deyò epi envite kèk lòt manm fanmi an. Pou n jwe, yon moun ap aji tankou yon limyè sikilasyon epi lòt jwè yo ap kanpe sou liy kote pou yo derape a. Limyè sikilasyon an ap vire do l ba yo. Lè li di "limyè vèt", jwè yo dwe eseye ponpe pou yo rive nan tras final la. Lè l di "limyè wouj", l ap vire, epi jwè yo, yo menm, dwe kanpe. Sa ap kontinye konsa jiskaske yon jwè rive nan tras final la epi, apres, jwè yo ka chanje wòl.</p>

Rejis Lekti Yo

Make chak jou ou menm ak pitit ou li yon istwa ansanm. Liv yo kapab ann anglè oswa nan lang natif-natal nou. Vizite bibliyotèk piblik ou a pou gwo liv sou mond lan nan koulè!

Lendi ____ Madi ____ Mèkredi ____ Jedi ____ Vandredi ____ Samdi ____ Dimanch ____

Liv n ape li lekòl la:

The Lion and the Little Red Bird
ekriven: Elisa Kleven

Lòt liv ou menm ak pitit ou an kapab jwi ansanm:

More, Fewer, Less ekriven: Tana Hobin
Of Colors and Things ekriven: Tana Hobin

Kèk Konsèy Pou lè n Ap li Ansanm:

- Chita ansanm nan yon plas trankil epitou ki konfòtab.
- Pandan n ap li, souliye epi defini kèk nouvo vokabilè. Pa egzanp, “**Rescued** vle di yon moun ki te an danje ki sove.”
- Pandanke n ap li, poze pitit ou kesyon ki gen pou wè ak liv la. Pa egzanp, “Poukisa ke lyon an te chanje an plizyè koulè?”